

Aplike pou PEUC (akwonim an Anglè) Konpansasyon Ijans pou Chomaj nan Ka Pandemi (PEUC)

Depatman Opòtinite Ekonomik nan Florid ap Administre



Kisa Konpansasyon Ijans pou Chomaj nan Ka Pandemi ye?

Konpansasyon Ijans pou Chomaj nan ka Pandemi (PEUC) se yon pwogram CARES Act federal ke Depatman Opòtinite Ekonomik nan Florid (DEO) ap administre, pwogram nan ofri jiska 13 semèn benefis chomaj siplemantè nan fen benefis Asistans Reyanplwa yo. Sa vle di, reklamasyon ki kalifye yo ka resevwa lajan chomaj pou yon peryòd tan ki pi long pase moman nòmal yo. PEUC ap bay chak moun jiska \$275 chak semèn, plis \$600 Konpansasyon Federal pou Chomaj nan moman Pandemi an (FPUC), chak semèn. Lajan \$600 siplemantè ke yo bay atravè pwogram FPUC a, ap distribye sèlman pou semèn chomaj ki kòmanse 29 Mas 2020, epi lap kanpe 25 Jiyè 2020.

Kondisyon pou Kalifikasyon

Ou kapab kalifye pou PEUC si:

- Balans reklamasyon pou Asistans Reyanplwa aktyèl ou a ekspire oswa ou fin epwize l epi ou toujou pap travay.
- Ou gen yon reklamasyon pou Asistans Reyanplwa ki ekspire aprè 1ye Jiyè 2019.

Rapèl

Ou dwe aplike pou benefis Asistans Reyanplwa leta a anvan w aplike pou PEUC. Aprè sa, yo pral detèmine si reklamasyon w lan kalifye pou Asistans Reyanplwa. Si w fin epwize tout benefis Asistans Reyanplwa leta a, yap envite w pou w aplike pou PEUC sou CONNECT pou jiska 13 semèn benefis chomaj siplemantè.

Tout reklamasyon kap patisipe nan pwogram PEUC oblije depoze reklamasyon pou semèn lap reklame yo chak de(2) semèn ki pou sètifye ke yo toujou pap travay epi yo toujou kapab ak disponib pou travay pandan semèn yap resevwa lajan PEUC a. Premye semèn yon reklamasyon kapab elijib pou benefis sa a se te semèn 29 Mas 2020, epi dènye semèn lap ka resevwa lajan sa se semèn 26 Desanm 2020.

Kòman pou Aplike

1. Aprè w fin resevwa envitasyon pou aplike pou PEUC, antre sou CONNECT.
2. Sou bò gòch ekran an, klike sou ipèlyen ki rele 'Aplike pou Benefis PEUC'.
3. Repon kesyon PEUC yo – ki nan seksyon Kesyon Inisyalye ki nan tèt ekran an.
4. Klike sou bwat pou Enfòmasyon sou Peman, Enfòmasyon sou Retni Taks ak Sètifikasyon ki anba ekran an, epi klike Soumèt.
5. Asire ke aplikasyon an te soumèt.

Sonje byen: Wap bezwen tounen tcheke sou CONNECT regilyèman pou reponn a tout demann pou plis enfòmasyon. Wap bezwen antre sou CONNECT chak de(2) semèn pou kontinye fè demann pou benefis ou yo.

Si dènye reklamasyon w lan ekspire, wap bezwen ranpli yon aplikasyon pou Asistans Reyanplwa leta a anvan w resevwa lyen pou aplike pou PEUC.

Pou enfòmasyon jeneral sou Asistans Reyanplwa, ale sou FloridaJobs.org oswa rele 1-833-FL-APPLY (1-833-352-7759).

Lè ou ka rele: Lendi jiska Vandredi. 7:30 a.m. – 6:30 p.m.

Mizajou: 7/27/2020